ҚОРАҚАЛПОҒИСТОН РЕСПУБЛИКАСИ ВАЗИРЛАР КЕНГАШИНИНГ
**ФАРМОЙИШИ**

ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ МИНИСТРЛЕР КЕҢЕСИНИҢ
**БИЙЛИГИ**

Нукус шаҳри

Нөкис қаласы

№ **46-б** «**23**» **февраль** 2018 й.

Өзбекстан Республикасы Президентиниң 2016-жыл 22-декабрьдеги «Мәмлекетлик атқарыў органларының орынлардағы аймақлық бөлимлери ҳәмде жергиликли ҳәкимликлер басшыларына хызмет бабында турақ-жайлар қурылысы ис-илажлары ҳаққында»ғы ПҚ-2693-санлы, 2018-жыл 18-январьдағы «2018-жылда турақ-жай қурылысын раўажландырыў бойынша мақсетли дәстүрлерди әмелге асырыў ҳаққында»ғы ПҚ-3480-санлы қарарларының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде, «Қишлоққурилишинвест» Инжиниринг компаниясы жуўапкершилиги шекленген жәмийети Қарақалпақстан филиалының 2018-жыл 12-февральдағы 01-03/7-02/203-санлы ҳәмде Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигиниң 2018-жыл 21-февральдағы МС/07-02/369-санлы усынысларын инабатқа алып:

1. Район ҳәкимликлерине, республика аймағында қурылатуғын хызмет бабындағы турақ-жайларға, қала ҳәм районлар жергиликли бюджетлериниң қосымша қаржы дереклери есабынан қосымшаға муўапық қаржы муғдарының ажыратылыўын тәмийинлесин.

2. Қарақалпақстан Республикасы Финанс министрлигине (Содиков) тийисли районларда қурылатуғын хызмет бабындағы турақ-жайларға жойбар-смета ҳүжжетлери тийкарында анықланған қаржы муғдарын жергиликли бюджеттиң қосымша дереклери есабынан косымшаға муўапық, Министрлер Кеңесиниң Ислер Басқармасы арқалы «Қишлоққурилишинвест» Инжиниринг компаниясы жуўапкершилиги шекленген жәмийети Қарақалпақстан филиалына ажыратыў тапсырылсын.

3. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң Ислер басқармасына (Джуманиязов) ажыратылған қаржы муғдарын «Қишлоққурилишинвест» Инжиниринг компаниясы

жуўапкершилиғи шекленген жәмийети Қарақалпақстан филиалы банк есап бетине өткериў тапсырылсын.

4. «Қишлоққурилишинвест» Инжиниринг компаниясы жуўапкершилиги шекленген жәмийети Қарақалпақстан филиалына (Матыков), ажыратылған қаржылардың мақсетке муўапық жумсалыўын қадағалаў, объектлерде техникалық қадағалаў жумысларын алып барыў ҳәмде белгиленген мүддетке сапалы етип пайдаланыўға тапсырыўды тәмийинлесин.

5. Тийисли районлар ҳәкимлери хызмет бабында қурылатуғын турақ-жайларда қурылыс жумысларының сапалы алып барылыўын ҳәм белгиленген мүддетлерде пайдаланыўға тапсырылыўын қатаң қадағалаўға алсын.

6. Өзбекстан Республикасы Финанс министрлигиниң Мәмлекетлик финанслық қадағалаў бас басқармасы Қарақалпақстан Республикасы Мәмлекетлик финанслық қадағалаў басқармасынан (Утамбетов) жоқарыда көрсетилген объектлер қурылысына ажыратылған қаржылардың мақсетке муўапық жумсалыўын қадағалаў соралсын.

7. Усы бийликтиң орынланыўын қадағалаў Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси Баслығының орынбасары С.Нагметовқа жүкленсин.

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң Баслығы К.Сариев

Қарақалпақстан Республикасы
Министрлер Кеңесиниң
2018-жыл 23-февралдағы
46-б- санлы бийлигине
қосымша

**2018 жылда Қарақалпақстан Республикасы районларда атқарыўшы ҳәкимият уйымлары ҳәм мәмлекетлик уйымлардың районлық бөлимлериниң басшылары ушын қурылатуғын хызмет бабындағы турақ-жайлардың қурылысы ушын ажыратылатуғын қаржы муғдары**

*млн сумда*

| № | Қәрежетлер | Жайлар саны | Ажыратыла-туғын қаржы муғдары жәми | соннан | |
|---|---|---|---|---|---|
| | | | | Еркин қалдық есабынан ажыратыла-туғын қаржы муғдары | Жыл даўамында қосымша дереклер есабынан ажыратыла-туғын қаржы муғдары |
| | **Жәми** | **54** | **16 200,0** | **4 767,6** | **11 432,4** |
| 1.1 | Әмиўдарья районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.2 | Беруний районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.3 | Қараөзек районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.4 | Қанлыкөл районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.5 | Қоңырат районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.6 | Нөкис районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.7 | Тақыятас районы | 4 | 1200,0 | 353,2 | 846,8 |
| 1.8 | Төрткүл районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.9 | Хожели районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.10 | Шымбай районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |
| 1.11 | Елликқала районы | 5 | 1500,0 | 441,4 | 1058,6 |